

## Projè Evanjelizasyon ak Etid Biblik (PEEB)

[www.biblepeeb.com](http://www.biblepeeb.com) | 813-504-3356 / Gulf-breeze, Florid, Etazini | [admin@biblepeeb.com](mailto:admin@biblepeeb.com)

### Modòd Administratif (MAD) pou Patisipasyon Disip nan Aktivite PEEB yo

Tout disip k'ap kolabore avèk PEEB bezwen konprann byen ke nou vin pran yon fòmasyon akademik pou ede nou fè evanjelizasyon pi byen ak sèvi Bondye selon bib la. Kidonk, tout disip PEEB dwe siveye patisipasyon nou nan aktivite PEEB yo selon modòd ki anba a yon fason pou nou pa pèdi privilèj manb nou yo nan PEEB. Administrasyon an rele sa yon **manb pasif** ki vle di yon manb ki « **dezaktive** ».

1. **Disip Aktif**: se tout disip PEEB ki demontre bòn volonte pou yo kolabore nan objèktif ke PEEB genyen yo. Yon disip demontre bòn volonte sa lè li rete branche avèk PEEB a travè tout group WhatsApp ki konsène li yo epitou patisipe nan tout aktivite PEEB ki konsène li.
2. **Disip Pasif**: se tout disip PEEB ki pa demontre bòn volonte pou yo kolabore nan objèktif ke PEEB genyen yo. Sa yo se tout disip ke Administrasyon remake ki pa branche sou group WhatsApp yo e ki p'ap chèche konnen sa k'ap fèt nan PEEB epi kijan yo ka rive patisipe. Konsa tou, se kapab yon moun ki branche sou group WhatsApp yo men ki jis pa janm patisipe nan anyen k'ap fèt.
  - a. **Disip Pasif Total**: Yon disip ki tonbe Pasif 5 fwa konsekitif (*yonn dèyè lòt*) demontre klèman ke se pa jis yon erè ni yon malkonprann, men se yon desizyon ke li pran pou li pa rèspektè MAD ki etabli yo. Se sa nou rele **PASIVITE TOTAL** la. Nenpòt disip ki tonbe nan eta **Pasif Total** la p'ap ka patisipe nan gran aktivite PEEB ap fè tankou Kan-LABIB jiskaske li prouve ke li pran travay PEEB yo serye pa mwayen **2 eta Aktif konsekitif** (*yonn dèyè lòt*). Se lè sa atò l'ap ka enskri pou Kan-LABIB. Pa konfonn Pasivite Total la ak moun ki jis Pasif, moun ki Pasif ka toujou ale nan Kan-LABIB. Sepandan, moun ki Pasif Total yo pa ka ale ankò jiskaske yo ranpli kondisyon anlè a.

Ki kalite manb ke ou ye, **Aktif** oubyen **Pasif**?

PEEB ap chèche sèvitè ki aktif yo paske nou genyen yon misyon devan nou (*Matye 28:19-20*). Nou pa gen tan pou moun ki pasif yo.

« Li di yo: Rekòt la anpil, men pa gen ase travayè pou ranmase li. Mande mèt jaden an pou l' voye travayè nan jaden l' lan. »

(Lik 10:2)

« Pito nou chache bay bagay peyi wa ki nan syèl la **premye plas** nan lavi nou, chache viv jan Bondye vle l' la anvan. Lè sa a, Bondye va ban nou tout lòt bagay sa yo tou. »

(Matye 6:33)

Kidonk, nou konprann trè byen ke nan moman sa yon moun ka pa gen tan pou travay PEEB ap fè yo paske ou trò okipe nan bagay pèsònèl yo.

Nou pa gen problèm avèk ou ditou, men nou jis oblije avanse san ou.

Eksèpsyon a règleman sa fèt sèlman nan ka ki pa depann de volonte manb lan tankou prizon enjis, maladi ki andikape li, yon anpèchman valab\*, avèk lòt bagay ki sanble avèk bagay sa yo. Tout disip ki anfas yon difikilte kèlkonk k'ap anpeche li patisipe nan yon aktivite dwe prezante sa devan Administrasyon an (**Moun ki anchaj la dirèk**) ki va jije ka sa e aprouve reta oubyen absans manb sa.

Se sa nou rele yon **motif**.

Sinon, reta oubyen absans sa ap kòmanse konte pou disip sa jouk rive sou nimero ki korèsponn lan nan tablo anba a.

Sa klè ke tout aktivite PEEB ap atann patisipasyon tout disip nan PEEB san eksèpsyon, kidonk men kèk kèsyon moun ki anchaj la dwe poze pou yon disip ka jwenn yon eksèpsyon.

1. Èske ou gen volonte patisipe nan aktivite sa?
2. Ki anpèchman ki nan wout patisipasyon ou?
3. Konbyen tan anpèchman sa ka dire?
4. Ki lòt aktivite ke anpèchman sa bloke ou ladann tou?
5. Kijan PEEB ka ede ou kontoune anpèchman sa pou ou ka patisipe nan aktivite sila kanmenm?

Tablo disiplinè nan aktivite PEEB yo:

Yon disip ap konsidere kòm yon <u>manb</u> <u>Pasif</u> sou ... fwa konsekitif :	Reta san motif	Absans san motif
<b>Kan-LABIB</b>	5è	4è
<b>Jounen Retwouvay</b>	5è	5è
<b>Evanjelizasyon</b>	3è	2è
<b>Vizit Adomisil/Lopital/Prizon</b>	4è	3è
<b>KIZ</b>	---	3è
<b>Sèvis Priyè</b>	3è	2è
<b>Konkou</b>	---	2è

NB : se pa tout konbine ansanm men se nenpòt liy nan tablo sa ki ka lakòz pasivite yon disip menm si li t'a an règ avèk tout lòt liy yo. Lis ki nan tablo sa ap kontinye chanje toutotan PEEB ap ajoute aktivite.

Motif: se yon pèmisyon ke yon disip resevwa de Administrasyon PEEB (moun ki anchaj la) pou li an reta oubyen pou li absan nan yon aktivite k'ap fèt paske li genyen yon rezon ke Administrasyon an jije valab pou sa. Antan Kreyen, nou konnen obligasyon bib la fè nou pou nou pale verite. Kidonk, Administrasyon an ap fè ou konfyans pou ou pale verite e di vrè rezon ki anpeche ou patisipe nan yon aktivite kèlkonk. (si ou chwazi bay manti e mete nanm ou andanje, sa se ou ki konnen. Nou tout sonje sa ki te rive Ananyas avèk Safira poutèt yo t'ap bay manti / (Travay chapit 5)).

“Men, lè w'ap pale se wi ak non pou ou genyen ase. Tou sa ou mete an plis, se nan Satan sa soti.” (Matye 5:37)

Abandon (Pasivite Total):

Nou trouve ke sa enpòtan pou nou libere tout disip ki pa enterese pèsèvere ak PEEB ankò oubyen ki jis pa deside rèspektè disiplin ki etabli yo. Nan sans sa, nou p'ap kontinye kenbe yon disip nan rejis PEEB yo a jamè si li klèman pa enterese nan vizyon ak misyon ke PEEB genyen yo. Kidonk, nenpòt disip ki rete Pasif pandan 5 fwa yonn dèyè lòt (konsekitif) ap konsidere kòm yon disip ki abandone.

**NB : TOUT DISIP DWE TOUJOU ANBA SIPÈVIZYON YON DELEGE KOMINAL POU PATISIPASYON LI NAN TOUT AKTIVITE PEEB YO JISKASKE LI KONLETE SERI ETID KI PREZANTE NAN KAN-LABIB LA. KIDONK, LÈ YON DISIP KITE YON KOMIN POU ALE NAN YON LÒT KOMIN KI GENYEN AKTIVITE PEEB (menm si se pou yon sèl jou), DELEGE KOMIN LI SOTI A PA KA APWOUVE MOTIVASYON POU LI. DELEGE SA DWE ENFÒME DELEGE KOMIN KOTE DISIP LA PWALE A EPI DISIP SA GEN REDEVANS PATISIPE NAN TOUT AKTIVITE KOMIN SA K'AP FÈT NAN JOU L'AP PASE NAN KOMIN NAN OUBYEN RAPÒTE TOUT MOTIVASYON LI A DELEGE KOMINAL LI PWALE A PANDAN MOMAN L'AP PASE NAN KOMIN SA. SI L'AP FÈ SEJOU NAN PLIZYÈ KOMIN PANDAN LI AN VWAYAJ, LI DWE KONTAKTE DELEGE CHAK KOMIN SA YO.**

**SI KOMIN LI PWALE A POKO GEN DELEGASYON KOMINAL EPITOU SI PA GEN AKTIVITE PEEB K'AP REYALIZE PWÈ LI DITOU, SE LÈ SA SÈLMAN LI KA JWENN MOTIVASYON DE DELEGE KOMINAL KOTE LI SOTI A.**

**OBJÈKTIF LA SE POU EDE NOU KONPRANN BYEN KE SE MENM PEEB A KI TOUT KOTE, SE MENM TRAVAY BONDYE A, KÈLKESWA KOMIN KOTE L'AP FÈT. YON DISIP PA DWE RETE LWEN AKTIVITE PEEB NAN YON KOMIN JIS PASKE LI DEPASAJ NAN KOMIN LAN MEN LI DWE KONTAKTE DELEGE KOMIN SA POU TOUT ENFÒMASYON SOU TRAVAY KOMIN LAN NAN TAN L'AP FÈ LA A YON FASON POU LI KA PATISIPE NAN YO.**

**SI GEN YON ANPÈCHMAN VALAB A PATISIPASYON LI DIRAN SEJOU A, LI DWE MOTIVE DELEGE KOMIN LI YE A OLYE DE DELEGE KOMIN KOTE LI SOTI A. ABSANS AK RETA LI DIRAN SEJOU A DWE MANSYONE SOU RAPÒ DELEGE KOMIN KOTE LI YE A OLYE DE DELEGE KOMIN LI SOTI A.**

Kèk bagay ke Administrasyon PEEB **ap** konsidere kòm yon anpèchman valab :

- Tout travay evanjelizasyon [*paske yo gen priyorite*]
- Pa gen telefòn ki ka fè WhatsApp, pa gen kat, oubyen pa gen siyal.
  - Disip ki gen problèm telefòn yo ka fè yon motivasyon kontinyèl nan aktivite ki egzije itilizasyon telefòn pou jiskaske yo vin gen telefòn. Nan ka sa, rèsponsablite a repoze sou do disip sa devan Bondye pou enfòm moun ki konsène yo lè li vin gen telefòn. (si ou vin gen telefòn men ou chwazi pa enfòm tout moun ki konsène, ou koupab tronpri devan Bondye paske ou fè moun kwè ke ou pa gen telefòn toujou)
- Lòt okipasyon nan travay Bondye a (sèvis, group, koral, lajenès, etc.) ki tonbe nan menm lè avèk yon aktivite PEEB.
- Yon repo aprè yon moun t'ap travay anpil.
- Rèsponsablite ou genyen anvè yon moun ki depann de ou pou kòz maladi oubyen lòt e ki tonbe menm lè avèk aktivite PEEB. (fòk tou ke pa gen okenn aranjman posib).
- Yon anpèchman ke paran bay yon disip ki minè.
- Devwa pou fè mari/madanm plèzi.
- Yon moun ki malad / ki pa pote li byen
- Yon moun ki grangou. (e ke nou pa ka ede)
- Yon moun ki demere nan yon zòn ki pa pèmèt komikasyon whatsapp ditou.
- Yon moun ki an vwayaj.
- Ak lòt bagay ki sanble ak sa ki site anlè yo...

Kèk bagay ke Administrasyon PEEB **p'ap** konsidere kòm yon anpèchman valab :

- Mwen p'ap ka patisipe paske m'ap travay, m'ap fè biznis, m'ap nan mache, mwen pwal soti, etc.
  - (yon moun konsa ka toujou rate yon aktivite men fòk li pran prekosyon pou li pa rive nan nonb ki sou tablo a)
- Mwen p'ap ka patisipe paske mwen lekòl e fòk mwen ale etidye aprè.
- Mwen p'ap ka patisipe paske mari/madanm mwen pa vle.
- Mwen p'ap ka patisipe paske mwen toujou avèk menaj/zanmi mwen nan lè sa.
- Mwen p'ap ka patisipe paske mwen timid oubyen mwen pa trò renmen tip bagay sa yo.

